

## St. Vincent's Medical Center

### **Rezime Règleman konsènan Èd Finansye**

St. Vincent's Medical Center gen yon angajman ak respè pou diyite chak moun avèk yon enkyetid espesyal pou moun k ap batay avèk baryè pou jwenn aksè nan sèvis swen sante. St. Vincent's Medical Center gen yon angajman egale pou kontwole resous swen sante li kòm yon sèvis pou tout kominote a. Anrapò avèk prensip sa yo, St. Vincent's Medical Center bay èd finansye pou sèten moun ki resevwa laswenyaj pou ijans oswa lòt laswenyaj ki nesèsè pou rezon medikal nan St. Vincent's Medical Center. Rezime sa a bay yon ti apèsi sou Règleman St. Vincent's Medical Center's pou Èd Finansye.

#### **Kimoun Ki Kalifye?**

Ou kapab resevwa èd finansye. Anjeneral, nou detèmine èd finansye dapre revni total fanmi ou parapò avèk Nivo Federal Povrete. Si revni ou pi piti oswa egal a 250<sup>1</sup>% Nivo Federal Povrete, w ap resevwa yon dediksyon 100% nan swen charite sou pòsyon frè ou responsab pou peye a[, except for a small flat charge for services]. Si revni ou depase 250<sup>2</sup>% Nivo Federal Povrete, men li pa depase 400<sup>3</sup>% Nivo Federal Povrete, ou ka resevwa tarif ki gen rabè sou yon echèl varyab. Pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap gen pou peye plis lajan pou laswenyaj yo kalifye a pase kantite lajan nou mande pasyan yo pou yo peye anjeneral avèk pwoteksyon asirans.

#### **Ki Sèvis Ki Garanti?**

Règleman pou Èd Finansye aplike pou laswenyaj pou ijans ak pou lòt laswenyaj ki nesèsè pou rezon medikal. Tèm sa yo defini nan Règleman pou Èd Finansye. Sèvis ki pa obligatwa ki pa pwoteje anba Règleman pou Èd Finansye.

#### **Kijan Mwen Kapab Aplike?**

Pou aplike pou èd finansye, anjeneral w ap ranpli yon fòm aplikasyon alekri epi w ap bay dokiman sipò, jan sa dekri nan Règleman pou Èd Finansye ak aplikasyon Règleman pou Èd Finansye.<sup>4</sup>

#### **Kijan Mwen Kapab Resevwa Èd avèk yon Aplikasyon?**

Pou jwenn èd avèk aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye, ou ka kontakte Charity Financial Counselor nan 203-576-6257.

#### **Kijan Mwen Kapab Jwenn Plis Enfòmasyon?**

Kopi Règleman pou Èd Finansye ak fòm aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye disponib sou [stvincents.org/financial-assistance](http://stvincents.org/financial-assistance) epi sou Charity Financial Counselor and Patient Access department. Ou kapab resevwa kopi gratis Règleman pou Èd Finansye ak aplikasyon dapre Règleman pou Èd Finansye tou pa lapòs depi ou Contacting Charity Financial Counselor 203-

---

<sup>1</sup> .Pousantaj la ta dwe se menm jan sa endike nan FAP Jan sa note nan FAP, Ministè Sante yo ka ajiste limit 250% .pi wo oswa pi ba pou koudlavi ki itilize endis salè lokal yo parap,ak endis salè nasyonal yo

<sup>2</sup> .n anPousantaj la ta dwe se menm ak referans anva

<sup>3</sup> .sa endike nan FAP Pousantaj la ta dwe se menm jan Jan sa note nan FAP, Ministè Sante yo ka ajiste limit 400% .ak endis salè nasyonal yo pi wo oswa pi ba pou koudlavi ki itilize endis salè lokal yo parap,

<sup>4</sup> .li pou aplike pou èd finansye FAP pèmèt Ministè Sante defini pwosesis ganizasyon an ta dwe ajoute nan j ganizasyon an j tan ki espesyal pou pwosesis aplikasyonseksyon Rezime sa a detay enp,

576-6257 also Patient Access 203-576-5074 and Customer Service 203- 576-5384. Lòt enfòmasyon sou Règleman pou Èd Finansye disponib tou nan Charity Financial Counselor oswa nan telefòn nan 203-576-6257.

**Kisa Pou Mwen Fè Si Mwen Pa Kalifye?**

Si ou pa kalifye pou èd finansye anba Règleman pou Èd Finansye a, ou ka kalifye pou lòt kalite èd. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Customer Service at St. Vincent's Medical Center oswa nan telefòn nan 203-576-5384.

**Tradiksyon Règleman pou Èd Finansye, aplikasyon dapre Règleman pou rezime nan langaj òdinè disponib nan lang ki endike anba la yo sou demann:**

Arabic  
Chinese  
Creole  
English  
French  
Greek  
Italian  
Khmer  
Polish  
Portuguese  
Russian  
Spanish  
Thai  
Vietnamese